

Kategori : **ELÈV**

Pibliye:

Nimewo : **A-832**

Sijè : DISKRIMINASYON, ARASMAN, ENTIMIDASYON AK/OSWA
AGRESYON ELÈV FÈ SOU LÒT ELÈV

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-832 ki gen dat 12 oktòb 2011. Li tabli yon pwosedi pou pote plent, fè investigasyon ak rezoud konfli arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon ki baze sou prejije elèv fè sou elèv.

Chanjman

- Li elaji regleman an pou entèdi diskriminasyon ak tout agresyon, arasman ak entimidasyon(paj1,§ I)
- Li klarifye yo entèdi mezi yo pran sou sitiyasyon kategori reyèl oswa sispèk pwoteje yon elèv(paj1, § I)
- Li klarifye definisyon arasman, agresyon ak entimidasyon yo entèdi(paj1, § I.C)
- Li klarifye tip teknoloji enfòmasyon yo ka itilize pou patisipe nan konpòtman yo entèdi(paj2, §§ I.D, E)
- Li fikse kondisyon pou ranplase RFA ki kite pòs yo oswa ki pa kapab fè travay yo pou yon ti tan (paj 2, § II.A)
- Li egzije pou estaf ki se temwen oswa ki gen enfòmasyon sou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon elèv fè sou elèv, rapòte akizasyon an nan entèval yon jou lekòl epi fè yon rapò alekri nan entèval 2 jou lekòl apre rapò aloral la fin fèt. (paj3, § II.D)
- Li klarifye kòman pou yo rapòte rezilta plent sou diskriminasyon ak arasman, agresyon ak/oswa entimidasyon yo envestige ba moun ki pote plent lan(paj 4, § III.E)
- Li pwolonje tip trening yo dwe fè pou estaf epi li klarifye ke estaf, tankou estaf ki pa fè pati pwofesè yo(paj6, §§ V.D,E)
- Yo revize dokiman siplemantè yo pou yo ka mete chanjman yo nan Regleman an.

REZIME

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department DOE* pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikasyon ki gen sekirite ak ki ankourajan, kote pa poze ak diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully kont lòt elèv tankou ak sou baz ras, koulè, tankou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully sou baz nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè. Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully sa yo se kondyuit yo entèdi epi yo p ap tolere nan lekòl, pandan elèv nan lokal lekòl la, nan pwogram lekòl la patwone, oswa pandan yo nan otomobil DOE finanse ak nan lòt lokal ki pa lokal lekòl la lè moun kapab demontre konpòtman sa yo deranje oswa parèt yo ka deranje pwosesis edikasyon an, oswa yo kapab mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje. Y ap pran mezi disiplin apwopriye kont elèv yo jwenn ki vyole Règleman sa a dapre Kòd Disiplin lan ak Règleman Chanselye A-443. Pou plent pou arasman seksyèl ant kamarad, tanpri gade Règleman Chanselye A-831.

I. RÈGLEMAN

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department DOE* pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikasyon ki gen sekirite ak ki ankourajan, kote pa poze ak diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully kont lòt elèv, epi san diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully elèv fè sou lòt elèv sou baz nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè. [W ap jwenn definisyon Klas ki pwoteje nan Dokiman Sipleman tè No. 1.] Yo entèdi diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully sa yo nan lekòl, pandan elèv nan lokal lekòl la, nan pwogram lekòl la patwone, oswa pandan yo nan otomobil DOE finanse ak nan lòt lokal ki pa lokal lekòl la lè moun kapab demontre konpòtman sa yo deranje oswa parèt yo ka deranje pwosesis edikasyon an, oswa yo kapab mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje.

B. Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou entèdi revanch kont nenpòt elèv, pwofesè oswa anplwaye lekòl ki rapòte yon ensidan akizasyon arasman, entimidasyon ak/oswa bully ki baze sou prejije oswa ki patisipe oswa ede nan yon envestigasyon ki gen rapò avèk yon konpòtman konsa.

C. Se yon vyolasyon règleman sa a pou nenpòt elèv kreye yon anviwònman lekòl ostil pou yon lòt elèv lè avèk konduit ak/oswa ak vèbal oswa alekri (ladan cyberbullying) ki;

1. genyen oswa kapab genyen efè ki pa rezonab ak ki ka deranje yon fason konsiderab pèfòmans edikasyon yon elèv oswa kapasite li pou patisipe oswa benefisye nan yon pwogram edikatif, nan yon aktivite lekòl la patwone oswa nan nenpòt lòt aspè edikasyon yon elèv; oswa
2. genyen oswa kapab genyen efè ki pa rezonab ak ki ka deranje yon fason konsiderab byennèt mantal, emosyonèl, oswa fizik yon elèv; oswa
3. koze avèk rezon oswa yo kapab atann pou koze yon elèv pè pou sekirite fizik li; oswa
4. koze avèk rezon oswa yo kapab atann pou koze domaj fizik oswa pwoblèm emosyonèl pou yon elèv.

Pami konpòtman yo entèdi genyen diskriminasyon, arasman, entimidasyon, ak/oswa bully sou baz ras, koulè, kwayans, etnisite, nasyonalite orijin, kondisyon sitwayènne/imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè.

- D. Arasman, entimidasyon ak/oswa bully kapab pran divès fòm epi yo ka fizik, vèbal oswa alekri. Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bullying alekri gen ladan kominikasyon elektwonik (cyber-bullying) pa egzanp lè yo itilize enfòmasyon teknoloji tankou pa egzanp: Entènèt, telefòn selilè, imèl, PDA, medya sosyal, blòg, fowòm diskisyon, ak sistèm jwèt.
- E. Konpòtman sa yo gen ladan yo pami lòt:
- Vyolans fizik
 - Nwizans;
 - Menas, ensilt, anmèdman
 - Jès agresif oswa ki endike menas;
 - Pa aksepte l nan gwoup elèv parèy li pou imilye l oswa izole l;
 - Itilize langaj ki denigre l;
 - Fè blag oswa bay non ki denigran oswa di betiz;
 - Materyèl ekri oswa grafik, tankou grafiti, foto, desen, oswa videyo ki gen kòmantè oswa estereyotip yo distribye nan fason elektwonik oswa ki ekri oswa enprime.

II. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

- A. Chak direktè lekòl dwe delege omwen yon manm estaf (n ap rele nan rès dokiman lyezon RFA) pou ki resevwa rapò elèv oswa manm estaf sou arasman, entimidasyon ak/oswa bully elèv fè sou elèv parèy yo epi k ap sèvi kòm resous pou elèv ak estaf sou pwoblèm sa a.
1. Dwe genyen omwen yon lyezon RFA nan lekòl la ki resevwa trening yo etabli nan Seksyon V.D ak E tout tan (apresa n ap di lyezon RFA ki sètifye). Nan ka yon lyezon RFA sètifye pa nan pozisyon an ankò, direktè lekòl la dwe asire ke yon nòmme yon lyezon RFA sètifye nan espas 30 jou. Annatandan, direktè lekòl la dwe chwazi yon lyezon RFA pa enterim imedyatman.
 2. Nan ka kote yon lyezon RFA sètifye pa kapab fè djòb li nan lekòl la tanporèman pou yon tan pwolonje, epi pa gen lòt lyezon sètifye, direktè lekòl la dwe chwazi yon lòt moun pou sèvi kòm lyezon pa enterim jiskaske lyezon RFA a retounen.
- B. Nenpòt elèv ki kwè li viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully akòz yon lòt elèv sipoze rapòte ensidan an bay lyezon RFA a(yo) oswa bay nenpòt lòt anplwaye lekòl. Elèv ki temwen oswa gen enfòmasyon sou yon ensidan konsa kapab rapòte yo bay lyezon RFA a(yo) oswa bay nenpòt lòt anplwaye lekòl la. Yo kapab pote konplent yo alekri oswa aloral (gade Dokiman Siplemanntè No. 2 a).

Si yon elèv pa santi li alèz pou fè yon rapò bay yon manm estaf, yon elèv kapab kontakte biwo lekòl ak fòmasyon jèn Office of School and Youth Development (OSYD) pou imèl rapò a nan RespectforAll@schools.nyc.gov. Egzanp sikonstans kote sa apwopriye genladan: Si elèv la pa fin kwè règleman an kouvri konpòtman sa a; si yon elèv te fè yon rapò deja epi konpòtman toujou ap kontinye; oswa si elèv la pè prezante tèt li. Nan sikonstans konsa, OSYD ap deside ki mezi apwopriye y ap pran apre. Y ap fè investigasyon pou jwenn limyè sou enfòmasyon rapòtè anonim lan bay nan yon rapò ki pa gen non moun ladan nan yon ka akizasyon ki baze sou arasman, entimidasyon ak/oswa bully.

- D. Nenpòt manm estaf ki temwen yon ak diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully yon elèv fè sou yon lòt elèv oswa si l konnen, gen enfòmasyon oswa resevwa nòt ke yon elèv kapab viktim yon konpòtman konsa yon lòt elèv fè sou li, oblije tousuit rapòte aloral aksyon sa a yo sispèk la bay lyezon RFA a oswa bay direktè lekòl/delege a nan espas yon jounen lekòl epi ekri yon rapò alekri pou bay direktè lekòl /delege pa pi ta pase de jou lekòl apre li fin fè rapò aloral la. (Gade Dokiman siplemanntè No. 2) Lekòl sipoze kenbe tout rapò ekri nan dosye.
- E. Paran kapab rapòte arasman, entimidasyon, ak/oswa bully elèv fè sou elèv bay direktè

lekòl la oswa ba moun direktè/ delege a, oswa lyezon RFA a lè yo voye yon imèl nan RespectforAll@schools.nyc.gov. Yo dwe trete rapò sa yo dapre pwosedi nan Règleman sa a.

- F. Lè direktè lekòl la oswa delege a kwè konpòtman yo pote akizasyon sou li se yon aktivite kriminel, li dwe kontakte polis. Direktè lekòl la/delege a kapab pale avèk Biwo Sèvis Legal ak/oswa CFN Network Leader
- G. Si yo pa ka mennen envestigasyon sou plent lan nan nivo lekòl la akòz nati ak gravite akizasyon an(yo), direktè a/delege ta sipoze pale avèk OSYD.

III. ENVESTIGASYON

- A. Yo dwe antre konplent arasman, entimidasyon, ak/oswa bully sistèm rapò DOE a *Online Occurrence Reporting System* (OORS) nan espas 24 è epi kòmanse envestigasyon an rapidman.
- B. Direktè a/delege l dwe pran etap envestigasyon sa yo pi vit posib, men nan nenpòt ka, pa pi ta pase senk jou apre yo fin resevwa konplent lan:
 1. entèvyouwe viktim ki fè akizasyon an epi mete konvèsasyon an nan dosye;
 2. mande viktim ki pote akizasyon an pou prepare yon deklarasyon alekri k ap genyen kantite detay ki posib, ladan yon deskripsyon konpòtman an, ki lè sa pase, ak kiyès ki te ka temwen;
 3. entèvyouwe elèv yo akize a epi ba l konsèy ke si li te gen konpòtman an vre, fòk sa sispann imedyatman;
 4. mande elèv yo akize a pou l prepare yon deklarasyon alekri; epi
 5. entèvyouwe temwen yo epi mande yo yon deklarasyon alekri.
- C. Direktè/delege l dwe fè paran elèv yo akize a konnen akizasyon yo. Direktè a/delege l dwe fè paran an(yo) konnen tou kiyès ki di li viktim akizasyon yo, amwenke moun ki di li viktim lan fè direktè a/delege l konnen li krenn pwoblèm sekirite si sa fèt konsa. Nan yon ka konsa, direktè a/delege a ap deside si pou li fè paran moun ki di li viktim lan konnen rezon sa yo pou krent entimite ak sekirite. Direktè a dwe pale avèk Biwo sèvis legal lè l ap pran decizyon sa a.
- D. Pou yo ka wè si akizasyon konpòtman sa a se yon vyolasyon règleman sa a, li nesèsè pou evalye tout sikonstans ki antoure konpòtman an. Yo sipoze konsidere bagay sa yo:
 - laj chak moun ki konsène yo;
 - tip, sekirite ak pwopòsyon konpòtman an;
 - kantite fwa ak kantite tan konpòtman an dire;
 - kantite moun ki patisipe nan konpòtman an;
 - nan ki kontèks konpòtman an rive;
 - Kibò konpòtman an rive;
 - si te gen yon ensidan nan lekòl la deja avèk menm elèv yo;
 - si konpòtman an afekte edikasyon elèv la yon fason negatif.

- E. Lekòl la dwe avèti paran swadizan viktim lan ak paran elèv yo akize menmsi wi oswa non akizasyon an verifye, konsistan avèk lwa eta ak lwa federal konsènan dosye prive elèv, eksepte lè yo pran yon desizyon pou yo pa fè paran elèv yo akize a konnen akizasyon an yo pote dapre sa ki nan Seksyon III.C.

IV. ETAP POU SUIVI

- A. Lè sa apwopriye, yo dwe refere elèv ki pote plent lan ak elèv yo akize a bay konseye pedagogik la, travayè sosyal lekòl la, sikològ la oswa lòt estaf apwopriye lekòl la pou konsèy separe.
- B. Lè sa apwopriye, direktè a/delege l sipoze itilize metòd entèvansyon tankou trening sou sansiblite, konsèy, ak/oswa rekòmandasyon bay yon ajans kominotè pou konsèy, sipò ak edikasyon.
- C. Y ap pran mezi disiplin ki apwopriye kont elèv yo jwenn ki vyole rèleman sa a dapre Kòd Disiplin Depatman Edikasyon an ak Règleman Chanselye A-443 a.
- D. Direktè a/reprezantan l dwe fè suivi pou asire move konpòtman an sispann.

V. AFICH

- A. Chak lekòl dwe afiche postè "Respè pou tout moun" yo kote yo panse tout elèv, paran ak estaf ka wè l.¹ Afich la dwe gen non lyezon RFA a(yo) (gade Dokiman Siplemanntè No. 3).
- B. Chak lekòl dwe distribye yon kopi tiliv "Respect for All" bay paran ak elèv chak ane students (gade Dokiman Siplemanntè No. 4). Paran/elèv k ap antre lekòl la nan mitan ane a dwe resevwa yon kopi nan moman enskripsyon an.
- C. Chak direktè/delege l dwe asire yo bay elèv enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan regleman sa a nan dat 31 oktòb chak ane pou pi ta.
- D. Chak direktè dwe asire yo bay tout estaf, ladan estaf ki p ap anseye, enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan regleman sa a nan dat 31 oktòb chak ane pou pi ta. Nan trening sa yo, yo dwe pale sou:
1. fè sansibilizasyon ak motivasyon sou posiblite zak diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon kont lòt elèv tankou zak ki baz sou nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè.
 2. Idantifikasyon ak rediksyon arasman, agresyon ak diskriminasyon;
 3. Abitid sosyal arasman, agresyon ak diskriminasyon;
 4. Prevansyon ak repons nan ensidan sou diskriminasyon, arasman oswa agresyon;
 5. Konpreyasyon fè arasman, agresyon ak diskriminasyon; ak estrateji pou rezoud pwoblèm eksklizyon, patipri, ak anviwònman ki gen agresyon nan edikasyon ak efikasite; epi
 6. Ankouraje yon klima lekòl ki sennesof ak favorab, tankou entegre konsèp sa yo nan aktivite salklas.
- E. Chak direktè dwe asire ke, anplis trening lekòl ki tabli pi wo a omwen yon lyezon RFA ke yo fè dwe gen trening obligatwa OSYD fè ki gen bagay sa yo: 1) relasyon moun ak moun nan domèn diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon kont lòt elèv tankou zak ki baz sou nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè ak 2) pwoblèm ki nan seksyon V.D 1-6 pi wo a).
- F. Yo ta dwe mete yon kopi règleman sa a disponib pou paran, estaf lekòl ak elèv, lè yo

¹ Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa gadyen oswa tout moun oswa ajans ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv oswa elèv la, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 ane.

mande sa.

VI. PLAN GLOBAL LEKÒL AK FÒMASYON JÈN

Chak lekòl dwe soumèt enfòmasyon sa yo nan Plan global lekòl ak fòmasyon jèn *Consolidated School and Youth Development Plan* nan dat 31 oktòb pou pi ta chak ane:

1. Non lyezon RFA a(yo).
2. Sètifika ki di omewen yon lyezon RFA gen oswa pral genyen trening ki tabli nan seksyon V.E ki pi wo a.
3. Sètifika ki montre yo bay elèv enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan Regleman sa a.
4. Sètifika ki montre manm estaf la, tankou estaf ki pa anseyan, resevwa enfòmasyon ak trening ki tabli nan seksyon V.D ki pi wo a.
5. Yon plan pou prevni ak abòde pwoblèm arasman, entimidasyon ak/oswa brimad ki baze sou prejije.

VII. KONFIDANSYALITE

Se règleman Depatman Edikasyon pou respekte entimite tout moun ki an kesyon ak moun ki temwen konplent yo pote anba règleman sa a. Sepandan, bezwen konfidansyalite dwe balanse avèk obligasyon pou kolabore avèk envestigasyon lapolis, pou bay moun yo akize a due process, ak/oswa pou pran aksyon ki nesèsè pou envestige oswa pou rezoud konplent lan. Donk, yo kapab devwale enfòmasyon osijè konplent lan nan sikonstans apwopriye.

VIII. VANJANS

Elèv pa dwe chèche vanjans kont yon lòt elèv, pwofesè oswa anplwaye lekòl ki rapòte yon ensidan akizasyon arasman, entimidasyon ak/oswa brimad ki baze sou prejije oswa ki patisipe oswa ede nan yon envestigasyon ki gen rapò avèk yon konpòtman konsa. Y ap envestige revanch epi y ap pran aksyon disiplinè apwopriye kont sa.

IX. KESYON

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe kontakte :

<u>Telephone:</u> 212-374-6834	<i>Office of School and Youth Development N.Y.C. Department of Education 52 Chambers Street – Room 218 New York, NY 10007</i>	<u>Fax:</u> 212 374-5751
-----------------------------------	---	-----------------------------

REZIME DISKRIMINASYON AK ARASMAN KI BAZE SOU PREJIJE LALWA ENTÈDI

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department* DOE pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikasyon ki gen sekirite ak ki ankourajan, kote elèv pa poze ak diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully kont lòt elèv tankou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bully sou baz nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè. Arasman, entimidasyon ak/oswa bully sa yo se kondyuit yo p ap aksepte ni tolere nan lekòl, pandan elèv nan lokal lekòl la, nan pwogram lekòl la patwone, oswa pandan yo nan otomobil DOE finanse ak nan lòt lokal ki pa lokal lekòl la lè moun kapab demontre konpòtman sa yo deranje oswa parèt yo ka deranje pwosesis edikasyon an, oswa yo kapab mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje. Y ap pran mezi disiplin apwopriye kont elèv yo jwenn ki vyole Règleman sa a dapre Kòd Disiplin lan ak Règleman Chanselye A-443. Tanpri al gade Règleman Chanselye A-831 pou plent sou arasman seksyèl kamarad fè sou lòt kamarad.

Sa nou mete pi ba a la pou sèvi kòm gid pou ede estaf ak elèv idantifye konpòtman ki baze sou prejije.

Kondisyon sitwayènte/imigrasyon: Kondisyon imigrasyon reyèl oswa aparant oswa kondisyon sitwayènte yon lòt peyi ki pa Etazini.

Andikap: Andikap reyèl oswa aparant, oswa istwa andikap. Lè yo di tèm "andikap" la, y ap pale osijè yon moun ki (1) gen yon andikap fizik oswa mantal ki fè l gen anpil limit nan yonn oswa plizyè gwo aktivite pou l mennen lavi l; (2) ki gen yon dosye pou andikap sa a; oswa (3) ke yo konsidere kòm moun ki gen yon andikap konsa. Gwo aktivite pou mennen lavi w gen ladan pran swen tèt ou, mache, wè, tandè, pale, respire, travay, fè travay manyèl ak aprantisaj. Men kèk egzans andikap ki ka limite seryezman gwo aktivite pou mennen lavi w, menmsi w gen èd medikaman oswa èd/aparèy: SIDA, alkolik, pa wè oswa pa wè byen, kansè, pa tandè oswa pa tandè byen, dyabèt, adiksyon dwòg, maladi kè, ak maladi mantal.

Etnisite/Nasyonalite orijin: Nasyonalite orijin oswa idantite etnisite reyèl oswa aparant. Nasyonalite orijin diferan avèk ras/koulè oswa relijyon/kwayans paske moun ki soti nan divès ras ak relijyon oswa ansèt -- kapab soti nan yon menm nasyon. Tèm "nasyonalite orijin" gen ladan manm tout gwoup nasyon ak gwoup moun ki gen ansèt, eritaj oswa desandans an komen; li gen ladan tou moun ki marye oswa asosye avèk yon moun oswa plizyè moun yon orijin nasyonal an patikilye.

Sèks (Fi/gason): sèks reyèl oswa aparant, gwosès, oswa kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit. Entèdiksyon kont diskriminasyon dapre sèks gen ladan arasman seksyèl.

Tèm "sèks" la ap gen ladan tou idantite sèks, pwòp imaj, aparans, konpòtman oswa ekspresyon yon moun, menmsi jan moun lan idantifye l la diferan avèk sa yo te asosye tradisyonèlman avèk sèks legal yo te di moun sa a ye lè li te fèk fèt, menmsi li pa diferan.

Ras/Koulè: ras oswa koulè reyèl oswa aparant.

Relijyon/Kwayans: relijyon oswa kwayans reyèl oswa kwayans(ansanm kwayans fondamantal, kit se relijyon oswa non).

Oryantasyon Seksyèl: oryantasyon seksyèl reyèl oswa aparant. Tèm oryantasyon seksyèl la vle di eteroseksyèl, omoseksyèl oswa biseksyèl.

Gwosè: gwosè reyèl oswa aparant.

**RAPÒ DISKRIMINASYON, ARASMAN, ENTIMIDASYON AK/OSWA AGRESYON ELÈV FÈ SOU LÒT
ELÈV**

NON ELÈV LA: _____

DAT: _____

LEKÒL : _____

NIMEWO OORS _____

Non moun ou panse ki responsab pou arasman an, entimidasyon an ak/oswa brimad la:

Dat, lè ak kote ensidan an rive: _____

Dekri ensidan an(yo) byen klè epi avèk tout detay posib.

Si w kwè ke konpòtman w ap rapòte a baze sou prejije, tcheke kazyè pi ba a ki apwopriye.

- | | |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Koulè | <input type="checkbox"/> Ras |
| <input type="checkbox"/> Kwayans | <input type="checkbox"/> Relijyon |
| <input type="checkbox"/> Andikap | <input type="checkbox"/> Vanjans (pou plent) |
| <input type="checkbox"/> Etnisite/Orijin nasyonalite | <input type="checkbox"/> Oryantasyon seksyèl |
| <input type="checkbox"/> Sitwayènte/Kondisyon imigrasyon | <input type="checkbox"/> Sèks/Fi/Gason |
| <input type="checkbox"/> Idantite sèks/Idantite ekspresyon | <input type="checkbox"/> Gwosè |

Fè lis tout temwen ki te la ki konnen sa k te pase.

Siyati elèv la

Dat

Moun ki resevwa fòm lan:

Non

Dat

Tit

NYC PUBLIC SCHOOLS

RESPÈ POU TOUT MOUN

**KÒD DISIPLIN VIL NOUYÒK ENTÈDI
KONPÒTMAN ARASMAN, ENTIMIDASYON,
DISKRIMINASYON AK BULLYING**



Elèv ki kwè ke yo viktim aksyon arasman, diskriminasyon, entimidasyon ak/oswa *bully* yon lòt elèv oswa manm estaf fè sou yo, ak tout elèv ki wè oswa okouran konpòtman sa a, dwe rapòte ensidan an ba yon estaf lekòl la imedyatman.

Pou rapòte yon ensidan

Si w bezwen èd akòz yon moun fè diskriminasyon, arasman, *bully* oswa entimidasyon sou ou, oswa si w gen dout sou konpòtman sa yo, ou ka ale wè :

Se règleman Depatman Edikasyon pou I kenbe yon anviwònman aprantisaj kote tout moun an sekirite, tout moun jwenn sipò, san arasman, entimidasyon, ak/oswa bullying; ni san diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, etnisite, nasyonalite orijin, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, relijyon, kwayans, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa gwozè .

Men kèk nan konpòtman yo entèdi: vyolans fizik, konpòtman vèbal oswa fizik ki menase yon lòt avèk prejidis, brimad, joutman, entèdiksyon nan yon gwoup kamarad nan objektif pou imilye oswa izole; itilizasyon langaj degradan oswa diskriminatwa pou imilye oswa arase. Yo etabli règleman sa a nan Règleman Chanselye a ak an Nòm Entèkansyon ak Mezi Disiplin pou tout Vil la (Kòd Disiplin lan.)

Manm estaf ki temwen konpòtman diskriminasyon, *bullying* ak/oswa entimidasyon, ap pran aksyon apwopriye pou entèveni pou bloke yon konpòtman konsa.

Elèv ki vyole Kòd disiplin lan ap sibi mezi disiplin apwopriye jan yo dekri I nan Kòd la ak nan Règleman Chanselye A-443 .

Règleman Chanselye

Règleman Chanselye A-832

Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bullying elèv a elèv.

Pou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bullying estaf a elèv, tanpri gade

Règleman Chanselye A-830

Fason pou pote plent ki gen pou wè avèk Diskriminasyon/Arasman ilegal onivo entèn

Règleman Chanselye A-420

Konpòtman ak Disiplin Elèv - Pinisyon fizik

Règleman Chanselye A-421 Jouman

Kisa ki rive apre yo fin fè yon rapò?

Y ap envestige tout rapò konsènan bullying, arasman, diskriminasyon oswa entimidasyon.

An konfòmite avèk règleman Chanselye A-443, si konpòtman yon elèv vyole Kòd disiplin lan, y ap pran aksyon disiplin apwopriye.

Si konpòtman an se aktivite kriminel, y ap kontakte lapolis.

Sipò pou elèv

Si sa apwopriye, y ap founi konsèy endividyèl oswa an gwoup, rekòmandasyon pou yon ajans deyò ak/oswa lòt entèvansyon.



Michael R. Bloomberg
Majistra

Dennis M. Walcott
Chanselye

Lekòl la entèdi yo fè vanjans kont moun ki rapòte yon ensidan sou arasman oswa sou diskriminasyon oswa kont moun ki bay èd nan yon ankèt. Elèv ki kwè yo sibi yon aksyon vanjans, dwe kontakte yon sipèvizè lekòl la imedyatman.

Si w bezwen plis èd, imèl
RespectForAll@schools.nyc.gov

Konfidansyalite : Se règleman lekòl leta Vil Nouyòk pou respekte vi prive, tout pati ki konsène nan yon plent ansanm ak temwen yon plent yo fè dapre règleman sa a. Men, kèk fwa nou oblije revele enfòmasyon pou nou rive rezoud yon plent. Kidonk, nou ka revele enfòmasyon ki gen pou wè avèk yon plent ba moun ki bezwen ransèyman an nan sikonstans apwopriye.

NYCDOE

Respè pou
tout Moun

Fè lekòl leta
Vil Nouyòk ansekirite
ak ankourajan pou
tout elèv



Respè pou tout moun nan Lekòl leta Vil Nouyòk

Chak elèv, ak manm pèsònèl pote richès divèsite kiltirèl ak volonte pou tout moun jwenn respè nan kominote lekòl nou an.

Se règleman Depatman an pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj kote w ou an sekirite, ki sipòte w, ki pa gen arasman, entimidasyon, ak/oswa bullying ak diskriminasyon ki baze

Respè : apresyasyon pou valè yon moun oswa sans valè li oswa ekselans li; bon jan akseptasyon oswa koutwazi; respè pou diyite karaktè yon lòt moun; rekonesans; kondisyon pou jwenn apresyasyon ak lonè; pou montre respè oswa konsiderasyon pou yon lòt moun.

sou ras, koulè, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, relijyon, kwayans, orijin nasyonalite, andikap, etnisite, sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl oswa gwochè.

Règleman an entèdi pou elèv gen konpòtman sa yo sou lòt elèv ni pou estaf gen konpòtman sa yo sou elèv.

Yo entèdi diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bullying sa yo nan lekòl, pandan lekòl ap fonksyone, avan oswa apre lekòl, sou lakou lekòl, nan pwogram lekòl patwone, oswa pandan ou nan otomobil ke Depatman edikasyon finanse.

Yo entèdi sa tou nan lòt pwopriyete lekòl lè konpòtman sa a deranje oswa kapab klèman mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje.

Gen yon kopi Règleman Chanselye a ak yon kopi Kòd disiplin lan ki disponib nan biwo direktè a ak sou entènèt nan <http://schools.nyc.gov/default.aspx>

Ki kèk egzanp konpòtman ke yo entèdi?

Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bullying kapab pran divès fòm epi yo ka fizik, sosyal, vèbal oswa alekri. Arasman **fizik** gen ladan domaj fizik oswa menas domaj. Arasman **sosyal** vle di lè kamarad rejte oswa bani yon moun pou imilye l oswa izole l. Arasman **vèbal**: Jouman vle di move takinri, rayri sou yon moun, oswa ensilte yon moun. Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa bullying **alekri** gen ladan kominikasyon elektwonik (cyber-bullying) lè yo itilize enfòmasyon teknoloji tankou pa egzanp: Entènèt, telefòn selilè, imèl, PDA, medya sosyal, blòg, fowòm diskisyon, ak sistèm jwèt.

Kèk egzanp genyen:

- Vyolans fizik; asèlman;
- Konpòtman vèbal oswa fizik ki menase yon lòt avèk zam;
- Chèche kontrenn oswa fòse yon elèv oswa estaf pou fè yon bagay; brimad
- Anmèdman; pa aksepte l nan gwoup elèv parèy li pou imilye l oswa izole l;
- Itilize langaj degradan oswa fè move bag oswa bay vye non pou imilye oswa arase;
- Fè deklarasyon degradan oswa fè aksyon ostil ki baze sou ras, koulè, etnisite, relijyon, kwayans, orijin nasyonal, sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, gwochè, oswa andikap elèv;
- Materyèl ekri oswa grafik, ladan grafiti, ki gen kòmantè oswa estereyotip degradan pou lòt yo afiche, sikile oswa ekri oswa enprime nan rad oswa afiche sou entènèt (cyber-bullying); pran konpòtman sa sou baz ras, koulè, etnisite, relijyon, kwayans, orijin nasyonal sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, gwochè oswa andikap yon moun.

Kisa w sipoze fè si ou kwè ke yon lòt elèv oswa manm estaf arase w, bully w, oswa fè diskriminasyon kont ou oswa si w te temwen yon konpòtman konsa?

Elèv ki kwè ke yo viktim aksyon bully oswa entimidasyon, arasman oswa diskriminasyon yon lòt elèv oswa manm estaf fè sou yo, ak tout elèv ki okouran konpòtman sa a, dwe rapòte ensidan an imedyatman.

- Yon elèv kapab rapòte bullying, entimidasyon, diskriminasyon oswa arasman yon lòt elèv fè sou yo alekri oswa aloral bay manm estaf lekòl la ki nan lis sou afich Respect for All lekòl la ki afiche nan tout lekòl la oswa bay nenpòt manm estaf
- Yon elèv kapab fè yon rapò arasman, entimidasyon, ak/oswa bullying estaf-sou-elèv bay direktè a/reprezantan l oswa bay Biwo investigasyon espesyal.
- Yon elèv kapab fè yon rapò diskriminasyon estaf sou elèv sou baz ras, koulè, etnisite, relijyon, kwayans, orijin nasyonal sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, gwochè oswa andikap yon moun bay direktè a/reprezantan l oswa bay Biwopou opòtinite egal Office of Equal Opportunity.
- Yo ta dwe fè rapò a pi vit posib apre ensidan an pou yo ka fè bon jan investigasyon ak rezoud pwoblèm lan.
- Estaf dwe pran aksyon apwopriye pou entèvi pou sispann konpòtman sa a.

Tanpri al gade afich "Respè pou tout Moun" ki toupatou nan lekòl ou a pou konnen ki manm pèsònèl lekòl la ki la pou tout plent elèv pote kont elèv pou konpòtman ki gen pou wè aèkk arasman oswa diskriminasyon.